


Timoun ki entèprèt ak tradiktè

Èske li bon oswa li pa bon pou timoun nou yo tradwi pou nou?



Timoun yo gen plis kapasite lengwistik akoz sèvo yo pi jèn epi l ap devlope toujou. Ede moun kominike fè w vin gen plis anpati pou lòt moun. **Ann pwoteje lang timoun nou yo epi ede yo devlope jiskobou.**



Li ra pou sijè ak tèminoloji konvèsasyon yo koresponn ak nivo konsyans, lengwistik ak matirite timoun yo. **Ann pwoteje inosans yo epi pèmèt yo patisce nan dyalòg la kòmsadwa.**



Yon move entèpretasyon ka pote konfizyon lakay paran yo, sa ki ka grav anpil. Ann pran responsabilite n. **Ann pran konsyans de konsekans sosyal, emosyonèl ak legal ki genyen lè n itilize timoun nou yo tankou entèprèt.**



Gen etid ki montre timoun ki entèprèt yo: fatige, strese, deprime, nan konfizyon, souzestime tèt yo epi fè fas ak pi gwo pwoblèm nan fanmi yo. **Ann pran swen timoun nou yo.**

**OU GEN DWA POU W JWENN YON ENTÈPRÈT KI KALIFYE EPI KI FÒME!
MANDE LANG LAN DAVANS!**

